

KOHESI KONJUNGTIF SAJRONE RUBRIK KASARASAN ING KALAWARTI PANJEBAR SEMANGAT EDHISI OKTOBER NGANTI DESEMBER TAUN 2015

Rani Kusuma Astuti

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

email : ranikusumaastuti12@gmail.com

Abstrak

Panganggone *konjungsi* sajrone rubrik kasarasan nduweni sesambungan karo proses pengembangan gagasan sajrone kagiyanan ngarang, mligine sajrone ngandharake ukara. Kamangka kanggo mujudake *keserasian* lan *keterkaitan* antarunsur basa supaya pesan kang ana ing njerone bisa dipahami dening pamaca, dibutuhake *konjungsi*.

Underan panliten ana 2 yaiku kepriye wujude lan panganggone *konjungsi* antara ukara siji karo ukara liyane sajrone rubrik Kasarasan? Tujuwane yaiku ngandharake wujude lan panganggone *konjungsi* antara ukara siji karo ukara liyane. Panliten iki nggunakake metodhe deskriptif kualitatif. Banjur tata cara nglumpukake dhata kanthi nggunakake metode simak kanthi maca sumber dhata lan nyathet dhata sing tinemu. Undhering panliten ngenani wujud lan panganggone konjungsi bakal nggunakake panemune Wedhawati, lk (2006:609).

Asile panliten sing kapisan yaiku wujud-wujude kohesi konjungtif kang awujud sesambungan *aditif*, *kausal*, *kontrastif*, lan *temporal*. Dene asile panliten sing kapindho bab panganggone konjungsi. Panganggone konjungsi *aditif* nggabungake tembung utawa gatra kang nduweni kalungguhan padha. Panganggone konjungsi *kausal* nyambungake sawijine sesambungan kang asipat sebab akibat. Panganggone konjungsi *kontrastif* nggandheng rong gatra kang ngandharake sawijing kahanan kang kontras. Panganggone konjungsi *temporal* nyambungake sesambungan kang nduweni gegayutan karo wektu.

Tembung wigati: Konjungsi, wujud lan panganggone konjungsi

PAMBUKA

Lelandhesane panliten

Sastra mujudake asil pamikire manungsa sing ngemu kaendahan. Kaendahan kasebut bisa dideleng saka basane sing adiluhung. Basa sing digunakake nganggit sastra dudu basa saben dina, nanging luwih cundhuk karo basa sing ngemu piwulang. Piwulang kasebut cundhuk karo pamawase Kurniawan (2012:2) sing ngandharake yen tembung sastra wiwit saka basa Sansekerta sing nduweni teges minangka piranti kanggo mulang. Mula, saliyané ngandharake ngenani kaendahan, sastra uga menehi piwulang panguripan.

Sastra uga bisa sinebut minangka kaca benggalane masyarakat jalaran sastra urip ing masyarakat. Pangripta minangka perangan masyarakat nduweni kabisan ngrifta karya sastra kanthi kaprabawan kahanan lingkungan sosial ing sakupenge. Senajan mangkono, karya sastra ora ateges mesthi ngandharake kanyatan sing dumadi. Endraswara (2011b:78) nduweni pamawas yen sastra isih tetep minangka imajinasi saka kanyatan. Sastra ora mung kanyatan sing

dirangkep, nanging luwih cundhuk karo kanyatan sing ditafsirake dhewe dening pangripta sastra, semono uga kasusastran Jawa.

Kasusastran Jawa yaiku kasusastran sing ngrembaka ing satengahe masyarakat Jawa kanthi nggunakake basa Jawa. Miturut Purnomo (2007:79) kasusastran Jawa bisa diperang dadi patang perangan yaiku kasusastran Jawa Kuna, kasusastran Jawa Tengahan, kasusastran Jawa Anyar, lan kasusastran Jawa Modern. Pamerange kasusastran Jawa kasebut adhedhasar basa sing digunakake, wektu tuwuhe, lan asile sastra. Kasusastran Jawa Kuna yaiku kasusastran sing nggunakake basa Jawa Kuna, wiwit tuwuhe ing abad X, lan ngasilake karya sastra awujud kakawin. Kasusastran Jawa Tengahan yaiku kasusastran sing nggunakake basa Jawa Madya, tuwuhe ing antarane abad XV-XVI, lan ngasilake karya sastra awujud kidung. Kasusastran Jawa Anyar yaiku kasusastran sing nggunakake basa Jawa anyar, tuwuhe ing purwakane abad XVI, lan ngasilake karya sastra kanthi wujud tembang-tembang Macapat sing nduweni *sistem puitika* sing beda karo *sistem puitika* saka kakawin. Kasusastran Jawa Modern wiwit tuwuhe ing abad XX nganti saiki lan ngasilake karya sastra kanthi wujud

guritan lan gancaran sing kaprabawan saka manca. Sing kalebu gancaran ing antarane cerkak, novel, roman, cerbung, lsp.

Cerbung mujudake salah siji sastra modern kanthi wujud gancaran. Zaidan (2007:48) ngandharake yen cerbung yaiku sawijine crita fiksi sing kapacak sinambung kanthi urut ing kalawarti utawa medhia liyane. Cerbung kerep dibandhingake karo cerkak apadene novel. Cerbung lumrahe tinulis kanthi alur sing luwih tuyeg, latar sing luwih jembar, lan pamaragan sing luwih njlimet tinimbang cerkak. Sejatiné cerbung nduweni titikan sing meh padha kayadene novel, mung wae novel diterbitake kanthi wujud buku, dene cerbung diterbitake sajrone kalawarti utawa medhia liyane kanthi wujud seri. Ana uga novel sing wiwite saka cerbung sing dibukokake.

Salah siji cerbung Jawa yaiku cerbung *Tikus Bangkok* sing diripta dening Adinda AS. Cerbung iki kapacak ing Djaka Lodhang wiwit tanggal 8 Agustus 2015 nganti 28 Nopember 2015 kanthi cacah 17 edhisi. Cerbung *Tikus Bangkok* sinusun kanthi tetembungan sing prasaja nanging tetep ngemu kaendahan. Adinda AS ngripta cerbung iki kanthi munjerake marang kahanan sosial, mligine ngenani konflik sosial. Konflik sosial kaya-kaya ora bisa dipisahake saka masyarakat ing bebrayan agung. Saben wong cipta kanthi nduweni watak sing beda, saengga konflik sosial ora bisa dipenggak maneh. Bab iki sing ndadekake cerbung sing diripta dening Adinda AS kaya-kaya dadi kaca benggala ing panguripan snyatane.

Bab liya sing paling narik kawigaten saka cerbung iki yaiku anane tikus bangkok sing nuuhake konflik sosial. Sawijine kewan sing nduweni bleger gedhe banget pranyata bisa nuuhake konflik sosial ing masyarakat sajrone cerbung. Tikus bangkok uga nuuhake maneka werna kedadeyan sing mangaribawani pola pikir masyarakat sing beda klawan masyarakat liyane. Kedadeyan mbaka kedadeyan kasebut dicritakake kanthi kadhar *suspense* sing apik saengga ora bisa kinira babar pisan dening pamacane. Bab iki sing ndadekake pamaca kepencut kudu maca wiwit purwaka nganti pungkasan.

Konflik sosial sing diandharake sajrone cerbung *Tikus Bangkok* bisa dijlentrehake kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra. Miturut Ratna (2013a:2-3) sosiologi sastra yaiku tintingan sing ngandharake karya sastra saka perangan manungsa lan panguripane, yaiku panguripane paraga-paraga sajrone karya sastra. Perangan manunga lan panguripane yaiku ngenani konflik sosial, dene karya sastrane yaiku cerbung *Tikus Bangkok*. Senajan nggunakake tintingan sosiologi

sastra, anggone njlentrehake konflik sosial kasebut ora bisa pinisah saka unsur intrinsik minangka unsur sing mangun karya sastra saka sajerone sastra iku dhewe. Unsur intrinsik digunakake kanggo njlentrehake isine cerbung supaya tetep wutuh ora gothang. Adhedhasar andharan ing ndhuwur, irah-irahan panliten sing arep ditliti yaiku *Konflik Sosial sajrone Cerbung Tikus Bangkok Anggitane Adinda AS (Tintingan Sosiologi Sastra)*. Miturut sangertine panlitin, cerbung *Tikus Bangkok* durung tau ditliti kanthi tintingan sosiologi sastra jalanan isih kalebu cerbung anyar sing kapacak ing kalawarti Djaka Lodhang.

Underane Panliten

- 1) Kepriye wujude *konjungsi* antara ukara siji karo ukara liyane sajrone rubrik Kasarasan ing Kalawarti Panjebar Semangat Edisi Oktober nganti Desember 2015?
- 2) Kepriye panganggone *konjungsi* antara ukara siji karo ukara liyane sajrone rubrik Kasarasan ing Kalawarti Panjebar Semangat Edisi Oktober nganti Desember 2015?

Tujuwan Panliten

- 1) Ngandharake wujude *konjungsi* antara ukara siji karo ukara liyane sajrone rubrik Kasarasan ing Kalawarti Panjebar Semangat Edisi Oktober nganti Desember 2015.
- 2) Ngandharake panganggone *konjungsi* antara ukara siji karo ukara liyane sajrone rubrik Kasarasan ing Kalawarti Panjebar Semangat Edisi Oktober nganti Desember 2015.

Paedah Panliten

Paedah Teoretis

Kanthi teoretis, asiling panliten iki diajab bisa dadi panyengkuyung pangrembakane tintingan analisis wacana mligine ing perangan *konjungsi* sing ana ing kalawarti basa Jawa lan wacana tulis sing ana ing masyarakat. Saliyane iku, panliten iki uga diajab bisa migunani tumrap kasampurnaning panganggone ilmu basa (*linguistik*).

Paedah Praktis

- Paedah praktis ing panliten iki yaiku:
- 1) Panliten iki bisa nambah ilmu ngenani *kohesi konjungtif* saengga nuuhake sikap kritis tumrap panganggone *kohesi konjungtif* wacana ing media cetak.
 - 2) Panliten iki bisa digunakake kanggo tambahan wawasan lan kawruh luwih jero ing

piwulangan ilmu basa, mligine ing babagan *kohesi konjungtif* ing wacana basa Jawa.

- 3) Minangka acuan sajrone nindakake panliten sabanjure kang ana gegayutane klawan bahan kang bakal dikaji.

METODE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten kanthi irah-irahan "Kohesi konjungtif Sajrone Rubrik Kasarasan ing Kalawarti Panjebar Semangat Edhisi Oktober nganti Desember 2015" minangka panliten basa sing ngandharake struktur sing ana sajrone teks tulis. Panliten iki ngandharake ngenani salah siji unsur wacana sing mujudake sawijine teks kang sambung supaya gampang dingerten dening pamaca. Kanggo ngandharake dhata ing panliten, digunakake metode deskriptif kualitatif amarga dhata-dhata kang diandharake nganggo tembung-tembung.

Panganggone metode kualitatif sajrone panliten iki nduweni ancas kanggo nggamarake dhata arupa wujud *konjungsi* ing rubrik Kasarasan kang dadi undhering panliten iki bakal diandharake kanthi nggunakake tembung-tembung, tanpa nggunakake angka-angka. Mula saka kuwi panliten iki kabelu panliten kang dianalisis nganggo *deskriptif kualitatif*.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Dhata yaiku sawijine bahan panliten kang dudu bahan mentah ananging wis arupa bahan dadi kang sabanjure digunakake kanggo analisis lan njlentrehake sawijine panliten. Saka bahan iki mau diajab objek panliten bisa diandharake amarga ing sajrone bahan iku mau kinandhut objek panliten kang dikarepake (Sudaryanto, 1993:9). Dhata ing panliten iki yaiku dhata tulis kang awujud ukara-ukara sajrone Rubrik Kasarasan ing Kalawarti Panjebar Semangat edhisi Oktober nganti Desember 2015. Dhata-dhata sing digunakake yaiku arupa pethikan saka sumber dhata sing wis dipilih.

Sumber dhata yaiku saka ngendi dhata bisa diolehi (Arikunto, 2006:129). Sumber dhata panliten *kohesi konjungtif* dijupuk saka rubrik Kasarasan kalawarti Panjebar Semangat edhisi Oktober nganti Desember 2015. Sumber dhata kasebut dijlentrehake ana ing ngisor iki.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti kang digunakake dening panliti sajrone ngumpulake dhata supaya luwih gampang lan asile bisa luwih apik, luwih cermat, jangkep, lan sistematis supaya

luwih gampang anggone ngolah (Arikunto, 2010:203). Instrumen panliten utawa piranti sing digunakake kanggo nglumpukake dhata bisa arupa instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Intrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang nggolek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten iki. Dene kang kalebu instrumen panyengkuyung yaiku lembar observasi kang wujude arupa kartu dhata.

Teknik NglumpukakeDhata

Tata cara nglumpukake dhata ing panliten iki, yaiku nggunakake teknik cathet. Teknik cathet yaiku teknik golek dhata kanthi cara nyathet sakabehane dhata kang dibutuhake ing kartu dhata (Mahsun, 2005:131). Luwih jangkep anggone panliti nglumpukake dhata yaiku: (1) maca kalawarti Panjebar Semangat edhisi Oktober nganti Desember 2015, (2) milih salah siji rubrik ing kalawarti Panjebar Semangat kang cocok dianalisis nganggo *konjungsi*, (3) ngliping sumber dhata sing bakal ditliti ngenani *konjungsi*, (4) maca wacana kanthi cara intensif guna nemtokake dhata kang kalebu *konjungsi*, (5) mendokumentasi ukara sajrone rubrik Kasarasan edhisi Oktober nganti edhisi Desember 2015 sing njerone ana *konjungsi*, (6) menehi kode dhata kasebut kanthi kode tartamtu kang digunakake minangka pambedane dhata. Format pengkodean wacana yaiku (PS No//wulan terbit//irah-irahan//pada utawa alenia) (7) Banjur menehake dhata-dhata kasebut ing kartu dhata. Kanthi nggunakake kartu dhata ing ngisor iki anane *konjungsi* digoleki ing dhata sing wis ditemtokake.

Teknik Analisis Dhata

Miturut Arikunto (2007:244), panliten analisis dokumen (*documentary analysis*) yaiku panliten kang dilakoni kanggo informasi sing didokumentasi awujud rekaman, kayata gambar, swara, lan tulisan. Analisis panliten iki kanthi cara objektif lan sistematis kanggo *mendeskripsikan* isi bahan kanthi pendekatan kualitatif. Teknik analisis dhata sajrone panliten iki yaiku analisis dhata kanthi cara deskriptif kualitatif. Analisis deskriptif kualitatif iki bakal ngasilake dhata kang deskriptif kang ana sesambungane karo tujuwane panliten.

Pangetrape analisis dhata ing panliten iki ditindakake sawise sakabehe dhata kang dibutuhake wis kasil diklumpukake. Dhata-dhata kang wis ditemokake kuwi mau banjur dianalisis kanthi cara ing ngisor iki:

(1) Maca lan nyinaoni dhata

Langkah kapisan kang dilakoni yaiku maca lan nyinaoni dhata. Dhata-dhata kang wis diklumpukake saka rubrik Kasarasan Kalawarti Panjebar Semangat edhisi Oktober nganti Desember 2015, disinaoni kanthi premati kang isine ana konjungsi.

(2) Nyathet Dhata

Dhata dijupuk saka rubrik Kasarasan Kalawarti Panjebar Semangat edhisi Oktober nganti Desember 2015. Banjur nyathet dhata kang wis diwenehi *tanda* kang ngandhut *konjungsi*.

(3) Merang Dhata

Sawise dhata kasebut dicatet lan wis diwenehi *tanda* kang ngandhut *konjungsi* banjur dhatane diperang miturut perangane *konjungsi*.

(4) Dhata kang wis diperang banjur dianalisis

(5) Nyusun lan ndudut asile analisis

(6) Nglaporake asile analisis

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Kohesi Konjungtif Sajrone Rubrik Kasarasan

Kohesi konjungtif utawa pangiket minangka tembung pangiket sing digunakake kanggo nuuhake anane wacana sing wutuh. Panganggone *konjungsi* sajrone rubrik kasarasan nduweni sesambungan karo proses pengembangan gagasan sajrone kegiyatan ngarang, mliline sajrone ngandharake ukara. Konjungsi nduweni fungsi kanggo nyambungake saperangan proposisi sajrone wacana supaya ide-ide sajrone wacana kasebut bisa gathuk. Miturut fungsine, konjungsi bisa digawe kanggo nyambungake ide sajrone intrakalimat lan antarkalimat. Adhedhasar sesambungan sing bisa ditengeri dening pangiket, pangiket utawa *konjungsi* bisa kaperang dadi papat, yaiku tembung pangiket *koordinatif* (panambahan), tembung pangiket *kausatif* (sesambungan), tembung pangiket *adseratif* (kosok balen), lan tembung pangiket *temporal* (titi mangsa). Ing ngisor iki diandharake jinise tembung pangiket sajrone Rubrik Kasarasan.

4.1.1 Tembung Pangiket Aditif (Panambahan)

Tembung pangiket *aditif* yaiku tembung pangiket kang nggabungake tembung utawa gatra

kang nduweni kalungguhan padha. Tuladhane: lan, sarta, utawa, uga, ora mung...uga.

1) Pangiket Lan Sajrone Rubrik Kasarasan

Dumadi saka diet sehat, ajeg olahraga, lan

ngombe obat.(PS

44//Okt//KOLESTEROL//IX)

FAr	FKr
-----	-----

W	L
---	---

Kea	Per
-----	-----

VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKr. Guna W dituduhake lumantar konstituen *dumadi saka diet sehat* amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *dumadi saka diet sehat* kalebu kategori FAr amarga mujudake paraga kang nandang kahanan ing wasesane ukara. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kea. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *diet sehat* minangka konstituen kang manggoni peran Kea kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku nuduhake kahanan. Guna L diisi dening konstituen *ajeg olahraga, lan ngombe obat*. Konstituen *ajeg olahraga, lan ngombe obat* nduweni wujud FKr sarta nuduhake Per.

Pangiket lan minangka pangiket muwuhi. Sajrone tembung lan iku digunakake kanggo muwuhi minangka *carane ngobati trisula kang bisa dicakake kanggo nyegah dumadine kolesterol dhuwur*.

2) Pangiket Sarta Sajrone Rubrik Kasarasan

Kurang trep anggone ngawekani bisa

mbebayani anak sarta ngedhunake

kuwalitas. (PS

46//Nov//PENCERNAAN//IX)

FAr	FKr
-----	-----

W	L
---	---

Kah	Per
-----	-----

VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKr. Guna W dituduhake lumantar konstituen *kurang trep anggone ngawekani* amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *kurang trep anggone ngawekani* kalebu kategori FAr amarga mujudake paraga kang nandang kahanan ing wasesane ukara. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kah. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *kurang trep anggone ngawekani* minangka konstituen kang manggoni peran Kah kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku nuduhake kahanan. Guna L diisi dening konstituen *bisa mbebayani anak sarta ngedhunake*

kuwalitas. Konstituen bisa mbebayani anak sarta ngedhunake kuwalitas nduweni wujud FKr sarta nuduhake Per.

Sajrone tembung pangiket sarta iku digunakake kanggo muwuhi minangka akibat yen kurang trep anggone ngawekani gangguwan pencernaan kang kerep dialami dening bayi.

3) Pangiket Utawa Sajrone Rubrik Kasarasan

Dhuwet uga dikenal kanthi jeneng jamblang utawa jambu keling. (PS

49//Des//DHUWET//II)

FKr	FAr
W	L
Per	Pas
VAksi	

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FKr-FAr. Guna W dituduhake lumantar konstituen *dhuwet uga dikenal* amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *dhuwet uga dikenal* kalebu kategori FKr amarga mujudake kriya kang ditindakake. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Per. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *dhuwet uga dikenal* minangka konstituen kang manggoni peran Per kang wujude awujud *verba aksi* yaiku nuduhake pakaryan. Guna L diisi dening konstituen *kanthi jeneng jamblang utawa jambu keling*. Konstituen *kanthi jeneng jamblang utawa jambu keling* nduweni wujud FAr sarta nuduhake Pas.

Pangiket iku minangka pangiket kang awujud *utawa*. Ukara kasebut ngandharake menawa *jeneng jamblang utawa jambu keling kuwi jenenge woh dhuwet* kang *dikenal ing sawijining dhaerah*.

4) Pangiket Uga Sajrone Rubrik Kasarasan

Daging asem uga bisa langsung dipangan mentah.(PS 51//Des//ASEM//VII)

FAr	FKr
J	W
Pel	Per
VAksi	

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKr. Guna J dituduhake lumantar konstituen *daging asem uga bisa* amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *daging asem uga bisa* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Pel. Guna W diisi dening konstituen *langsung dipangan mentah*. Konstituen *langsung dipangan mentah* nduweni wujud FKr sarta nuduhake Per amarga ngandharake ngenani pakaryan. Dhata kasebut nuduhake panganggone

konstituen *langsung dipangan mentah* minangka konstituen kang manggoni peran Per kang wujude awujud *verba aksi* yaiku awujud pakaryan. Pangiket ukara kasebut minangka pangiket kang awujud *uga*. Sajrone ukara kasebut saka perangan gatra siji karo gatra liyane kuwi nduweni sesambungan sing muwuhi siji mbaka siji. Sajrone ukara kasebut ngandharake menawa *daging asem uga bisa langsung dipangan mentah*.

5) Pangiket Ora mung....Uga Sajrone Rubrik Kasarasan

Ora mung nyerang pencernaan, BTP kang kliwat wates uga ndadekake masalah.

(42//Okt//JAJANAN//V)

FKr	FKt
W	L
Per	Kat
VAksi	

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FKr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *ora mung nyerang pencernaan* kalebu kategori FKr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Per. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *ora mung nyerang pencernaan* minangka konstituen kang manggoni peran Per kang wujude awujud *verba aksi* yaiku awujud pakaryan. Guna L diisi dening konstituen *BTP kang kliwat wates uga ndadekake masalah*. Konstituen *BTP kang kliwat wates uga ndadekake masalah* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan.

Tembung *ora mung...uga* iku digunakake kanggo tembung pangiket kang ngemu surasa muwuhi samubarang sing sabenere padha, anane muwuhi iki minangka wujud kanggo ngantebake samubarang kaya *BTP ora mung nyerang pencernaan uga ndadekake masalah kesehatan liyane*.

4.1.2 Tembung Pangiket Kausal (Sesambungan)

Tembung pangiket *kausal* (sesambungan) yaiku tembung pangiket kang digunakake kanggo nyambungake sawijing sesambungan kang asipat sebab akibat. Tuladhane: amarga, jalaran, kajaba, dadi, saengga, merga, sebab, kanthi, awit, supaya, yen, mula, nyatane, makane, tanpa, kaya, akibate.

1) Pangiket Amarga Sajrone Rubrik Kasarasan

Saluran pencernaan, upamane amarga kejange otot ing dhindhing usus utawa. (PS 46//Nov//PENCERNAAN//IV)

FAr	FKr	FKt
J	W	L

Pas Per Kat
VAksi

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKr-FKt. Guna J dituduhake lumantar konstituen *saluran pencernaan* amarga nuduhake paraga kang nandang kriya ing wasesane ukara. Konstituen *saluran pencernaan* kalebu kategori FAr amarga mujudake paraga kang nandang kriya ing wasesane ukara. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Pas amarga peran kang disandang ing ukara kasebut nerangake anane maujud urip kang kena ing kahanan kang digambarake ana ing tembung kriya. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *upamane amarga kejange otot* kalebu kategori FKr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Per. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *upamane amarga kejange otot* minangka konstituen kang manggoni peran Per kang wujude awujud *verba aksi* yaiku awujud pakaryan. Guna L diisi dening konstituen *ing dhindhing usus utawa*. Konstituen *ing dhindhing usus utawa* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan.

Tembung pangiket *kausal* (sesambungan) yaiku tembung pangiket kang digunakake kanggo nyambungake sawijing sesambungan kang asipat sebab akibat. Ukara kasebut kang dadi sebabe yaiku *gangguwan marang saluran pencernaan* banjur kang dadi akibate yaiku *kejange otot* *ing dhindhing usus*.

2) Pangiket Dadi Sajrone Rubrik Kasarasan

Protein iki bisa owah *dadi* serotonin.

(PS 45//Nop//PISANG//IX)

FAr	FKt
W	L
Kea	Kat

VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *protein iki bisa owah* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kea. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *protein iki bisa owah* minangka konstituen kang manggoni peran Kea kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *dadi serotonin*. Konstituen *dadi serotonin* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan.

Pangiket iku minangka pangiket kang awujud *dadi*. Pangiket *dadi* minangka pangiket

kausal. Ukara kasebut ngandharake anane *protein tryptophan* kuwi bisa ndadekake satemah awak dadi luwih krasa ayem lan tentrem amarga protein iki bisa owah dadi serotonin lan ndandani kahananing jiwa sing anjlog.

3) Pangiket Saengga Sajrone Rubrik Kasarasan

Produksi hemoglobin, *saengga* bisa

mbakuhake getih. (PS

45//Nop//PISANG//IX)

FKr	FKt
W	L
Per	Kat

VAksi

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FKr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *produksi hemoglobin* kalebu kategori FKr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Per. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *produksi hemoglobin* minangka konstituen kang manggoni peran Per kang wujude awujud *verba aksi* yaiku awujud pakaryan. Guna L diisi dening konstituen *saengga bisa mbakuhake getih*. Konstituen *saengga bisa mbakuhake getih* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan.

Pangiket sing ana kara kasebut iku minangka pangiket kang awujud *saengga* minangka pangiket *kausal*. Sajrone ukara kasebut kang kalebu sebab yaiku *ngrangsang produksi hemoglobin*, banjur kang dadi akibat yaiku *bisa mbakuhake getih*. Ukara kasebut ngandharake yen *dhahar pisang bisa mbakuhake getih* amarga bisa *ngrangsang produksi hemoglobin*.

4) Pangiket Jalaran Sajrone Rubrik Kasarasan

Ketaman tipes *jalaran* memangan jajanan

kang kucem. (PS42//Okt//JAJANAN//IV)

FAr	FKt
W	L
Kah	Kat

VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *ketaman tipes* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kah. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *ketaman tipes* minangka konstituen kang manggoni peran Kah kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *jalaran*

memangan jajanan kang kucem. Konstituen jalaran memangan jajanan kang kucem nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan.

Anane pangiket sing kalebu minangka perangan konjungsi kausal iki awujud *jalaran* sajrone ukara kasebut nyambungake sawijine kahanan yaiku *gampang ketaman tipes* sing dumadi saka anane *memangan jajanan kang kucem (tercemar)* kang *ngandhut bakteri Salmonella typhi*. Alesan owahe kahanan iku sing digabungake nggunakake tembung *jalaran*.

5) Pangiket Sebab Sajrone Rubrik Kasarasan

Viagra Jawa sebab ngandhut stigmaterol
(zat hormon).(PS

40//Okt//TAPAKLIMAN//III)

FAr	FKt
J	W
Pel	Kat

VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKt. Guna J amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *Viagra Jawa* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Pel. Konstituen kasebut bisa manggoni fungsi jejer amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara kang diandharake utawa dicritakake. Konstituen kang manggoni fungsi J kalebu jejer kang awujud frasa aran. Guna W diisi dening konstituen *ngandhut stigmaterol* (zat hormon). Konstituen *ngandhut stigmaterol* (zat hormon) nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *ngandhut stigmaterol* (zat hormon) minangka konstituen kang manggoni peran Kat kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan.

Ukara kasebut ngandharake saliyane *wit tapakliman bisa kanggo tetamba uga akeh diparabi minangka "Viagra Jawa"* kang *ngandhut stigmaterol* (zat hormon) sing mbentuk hormone progesterone. Ukara kasebut kang dadi sebab yaiku *ngandhut stigmaterol* (zat hormon) sing mbentuk hormone progesterone lan akibate yaiku *Wit tapakliman uga akeh diparabi minangka "Viagra Jawa"*.

6) Pangiket Awit Sajrone Rubrik Kasarasan

Satus persen pratitis, awit saka variasine pasien. (PS 47//Nop//DIAGNOSIS//VIII)

FAr	FKt
W	L
Kah	Kat

VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *satus persen pratitis* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kah. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *satus persen pratitis* minangka konstituen kang manggoni peran Kah kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *saka variasine pasien*. Konstituen *saka variasine pasien* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan.

Anane tembung pangiket awit minangka wujud pangiket kang mratelakake alesan saka *isih akeh penyakit sing asil diagnosis-e ora bisa satus persen pratitis*. Sajrone (38) ngandharake yen *saka variasine pasien* kasebut mujudake *isih akeh penyakit sing asil diagnosis-e ora bisa satus persen pratitis*.

7) Pangiket Supaya Sajrone Rubrik Kasarasan

Dr Rini mrayogakake supaya milih jajan ing kantin

sekolah.(PS42//Okt//JAJANAN//VII)

FAr	FKr	FKt
J	W	K
Pas	Per	Tem

VAksi

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKr-FKt. Guna J dituduhake lumantar konstituen *Dr Rini* amarga nuduhake paraga kang nandang kriya ing wasesane ukara. Konstituen *Dr Rini* kalebu kategori FAr amarga mujudake paraga kang nandang kriya ing wasesane ukara. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Pas amarga peran kang disandang ing ukara kasebut nerangake anane maujud urip kang kena ing kahanan kang digambarake ana ing tembung kriya. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *mrayogakake supaya milih jajan* kalebu kategori FKr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Per. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *mrayogakake supaya milih jajan* minangka konstituen kang manggoni peran Per kang wujude awujud *verba Aksi* yaiku awujud pakaryan. Guna K diisi dening konstituen *ing kantin sekolah*. Konstituen *ing kantin sekolah* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Tem amarga

ngandharake ngenani katrangan. Konstituen *ing kantin sekolah* kalebu kategori FKt amarga nerangake katrangan panggonan utawa arah. Konstituen *ing kantin sekolah* kalebu tembung katrangan monovalen panandha panggonan utawa arah.

Tembung pangiket supaya minangka tembung pangiket kang mratelakake ngenani pangajab, pepenginan, utawa pangarep-arep. Ukara kasebut ngandharake *bocah kudu milih jajan ing kantin sekolah* kang *luwih resik sarta ngendhani jajan sembarang yen wong tuwane ora kober nggawekake sangu jajan kanggo anak-anake.*

8) Pangiket Merga Sajrone Rubrik Kasarasan

PE dumadi merga kebuntone pembuluh darah.(PS 49//Des//GETIH//VI)

FAr	FKr
J	W
Pas	Per
	VAksi

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKr. Guna J dituduhake lumantar *PE dumadi*. Konstituen kasebut bisa manggoni fungsi jejer amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara kang diandharake utawa dicritakake. Konstituen kang manggoni fungsi J kalebu jejer kang awujud frasa aran. Konstituen *kebuntone pembuluh darah* manggoni fungsi W amarga mujudake punjere ukara kang diandharake dening J. Konstituen *kebuntone pembuluh darah* kalebu kategori FKr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Per. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *kebuntone pembuluh darah* minangka konstituen kang manggoni peran Per kang wujude awujud *verba aksi* yaiku awujud pakaryan.

Tembung pangiket *merga* minangka wujud pangiket kang mratelakake ngenani karana lan sebab mungguhe bisa dumadi kahanan sing kaya mangkono. Sajrone ukara kasebut ngandharake yen *kebuntone pembuluh darah* *ing paru-paru kuwi bisa nyebabake dumadine pulmonary embolism (PE)* utawa *emboli paru*.

9) Pangiket Kanthi Sajrone Rubrik Kasarasan

Owah-owahan gaya hidup kanthi lon-lonan lan ngabehi. (41//Okt//DIET//V)

FAr	FKt
W	L
Kah	Kat
	VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *owah-owahan gaya hidup* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kah. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *owah-owahan gaya hidup* minangka konstituen kang manggoni peran Kah kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *lon-lonan lan ngabehi*. Konstituen *lon-lonan lan ngabehi* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan.

Pangiket *kanthi* minangka pangiket *kausal*. Ukara kasebut ngandharake yen *sejatine diet kang sehat kuwi mbutuhake owah-owahan gaya hidup kanthi lon-lonan lan ngabehi kaya ajeg olahraga lan ngature pola makan masihya kanggo nggayuh asil kasebut bisa klakon suwe.*

10) Pangiket Kejaba Sajrone Rubrik Kasarasan

Diagnosis penyakit kejaba kanggo netepake apa penyakite.

(47//Nop//DIAGNOSIS//II)

FAr	FKt
W	L
Kah	Kat
	VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *diagnosis penyakit* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kah. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *diagnosis penyakit* minangka konstituen kang manggoni peran Kah kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *kanggo netepake apa penyakite*. Konstituen *kanggo netepake apa penyakite* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan.

Pangiket *kejaba* minangka pangiket *kausal*. Ukara kasebut ngandharake yen *netepake cara pengobatan* minangka salah siji cara kanggo *diagnosis penyakit*.

11) Pangiket Yen Sajrone Rubrik Kasarasan

Isih luwih dhuwur yen katandhing karo apel. (45//Nop//PISANG//III)

FAr	FKt
W	L

Kea Kat
VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *isih luwih dhuwur* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kea. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *isih luwih dhuwur* minangka konstituen kang manggoni peran Kea kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *katandhing karo apel*. Konstituen *katandhing karo apel* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan.

Pangiket *yen* minangka pangiket *kausal*. Ukara kasebut mratelakake mungguhe *kandhutan protein lan lemak (gajih) pisang luwih dhuwur katandhing karo apel*.

Bisa diarani yen woh pisang nduweni manfaat.(45//Nop//PISANG//V)

FAr	FKt
W	L
Kea	Kat

VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *bisa diarani* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kea. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *bisa diarani* minangka konstituen kang manggoni peran Kea kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *woh pisang nduweni manfaat*. Konstituen *woh pisang nduweni manfaat* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan.

Pangiket *yen* minangka pangiket *kausal*. Ukara kasebut ngandharake ngenani *wohe pisang nduweni manfaat sing akeh kanggo kasarasane manungsa*.

12) Pangiket Mula Sajrone Rubrik Kasarasan

Ngandhut kalori kang cukup dhuwur, mula dhahare aja kakehan.(45//Nop//PISANG//VII)

FAr	FKr
W	L
Kea	Per

VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKr. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *ngandhut kalori kang cukup dhuwur* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kea. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *ngandhut kalori kang cukup dhuwur* minangka konstituen kang manggoni peran Kea kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *dhahare aja kakehan*. Konstituen *dhahare aja kakehan* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Per.

Pangiket *mula* minangka pangiket *kausal* kang digunakake kanggo ngandharake dudutan saka kahanan sing ana ing ukara sadurunge. Tembung pangiket mula ngandharake sawijine dudutan saka *pisang kang ngandhut kalori cukup dhuwur, anane dudutan saka kahanan iku yaiku dhahare pisang aja kakehan*.

13) Pangiket Tanpa Sajrone Rubrik Kasarasan

Karep muncul tanpa ana tandha-tandhane.(43//Okt// ATI //VIII)

FAr	FKt
W	L
Kea	Kat

VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *karep muncul* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kea. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *karep muncul* minangka konstituen kang manggoni peran Kea kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *ana tandha-tandhane*. Konstituen *ana tandha-tandhane* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan.

Pangiket *tanpa* minangka pangiket *kausal* kang digunakake kanggo mratelakake piranti utawa cara. Ukara kasebut ngandharake yen kanyatan kang umum, dumadine kanker ati ing tahap awal *karep muncul tanpa ana tandha-tandhane*.

14) Pangiket Akibate Sajrone Rubrik Kasarasan

Akrab karo masyarakat sing akibate marang dhuwure kolesterol.(44//Okt//KOLESTEROL//I)

FAr	FKt
-----	-----

W	L
Kea	Kat
VKeadaan	

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *akrab karo masyarakat* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kea. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *akrab karo masyarakat* minangka konstituen kang manggoni peran Kea kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *dhuwure kolesterol*. Konstituen *dhuwure kolesterol* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan.

Tembung pangiket akibate ngandharake yen *dhuwure kolesterol njero getih kuwi diakibatake merga carane memangan sarta lageyane urip ora sehat saya akrab karo masyarakat*.

15) Pangiket Kaya Sajrone Rubrik Kasarasan

Gejala penyakit kaya migrain.

(42//Okt//JAJANAN//V)

FAr	TA
W	L
Kat	Pas
VKeadaan	

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-TA. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *gejala penyakit* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kea. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *gejala penyakit* minangka konstituen kang manggoni peran Kea kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *migrain*. Konstituen *migrain* nduweni wujud TA.

Tembung pangiket kaya yaiku tembung pangket kang ngandharake kahanan sing dianggep padha. Tembung pangiket *kaya* mratelakake yen *operasi, stroke, infeksi paru lan infark jantung, inflamasi kuwi minangka faktor terpapar pencetus*.

4.1.3 Tembung Pangiket Kontrastif (Kosok Balen)

Tembung pangiket *kontrastif* digunakake kanggo nggandheng rong gatra kang ngandharake sawijing kahanan kang kontras. Tuladhane: *nanging, mangka, kamangka, dene, ora mung...nanging, senajan, ning*.

1) Pangiket Dene Sajrone Rubrik Kasarasan

Perlu dimangerten, dene bab patitis lan orane diagnosis.

(47//Nop//DIAGNOSIS//V)

FKt	FAr
W	L
Kat	Pas
VKeadaan	

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FKt-FAr. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *perlu dimangerten* kalebu kategori FKt. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kat. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *perlu dimangerten* minangka konstituen kang manggoni peran Kat kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *bab patitis lan orane diagnosis*. Konstituen *bab patitis lan orane diagnosis* nduweni wujud FAr.

Ukara kasebut ngandharake menawa miturute kabeh dokter proses *diagnosis penyakit kang patitis lan orane kuwi ora gampang diangkah*.

2) Pangiket Nanging Sajrone Rubrik Kasarasan

Ora bisa dirasakake, nanging kudu ngliwati papriksane

getih.(44//Okt//KOLESTEROL//X)

FAr	FKr
W	L
Kat	Per
VKeadaan	

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKr. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *ora bisa dirasakake* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kat. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *ora bisa dirasakake* minangka konstituen kang manggoni peran Kat kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *ngliwati papriksane getih*. Konstituen *ngliwati papriksane getih* nduweni wujud Per.

Tembung pangiket nanging minangka pangiket *kontrastif*. Ukara kuwi ngandharake yen *pasien kudu ngliwati papriksane getih masiya kolesterol dhuwur ing badan pancen ora bisa dirasakake*.

3) Pangiket Senajan Sajrone Rubrik Kasarasan

Ora perlu "wedi lemu" senajan dhahar pisang akeh banget.

(45//Nop//PISANG//III)

FAr	FKr
W	L
Kat	Per
<i>VKeadaan</i>	

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKr. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *ora perlu "wedi lemu"* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kat. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *ora perlu "wedi lemu"* minangka konstituen kang manggoni peran Kat kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *dhahar pisang akeh banget*. Konstituen *dhahar pisang akeh banget* nduweni wujud Per.

Tembung *senajan* iku digunakake kanggo mratelakake kahanan sing ora lumrah kanggo sawijine kahanan lan uga nglawanane sawijine kahanan sing ana ing sadurunge. Kahanan sing *wedi lemu* iku lelawanan karo *pisang akeh*. Ukara kasebut ngandharake yen sawijine kahanan sing ora lumrah.

4) Pangiket Ora mung...Nanging Sajrone Rubrik Kasarasan

Penyakite kuwi ora mung siji, nanging

komplikasi karo penyakit liyane.

(47//Nop//DIAGNOSIS//VIII)

FAr	FKt
W	L
Kat	Kat
<i>VKeadaan</i>	

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *penyakite kuwi* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kat. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *penyakite kuwi* minangka konstituen kang manggoni peran Kat kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *komplikasi karo penyakit liyane*. Konstituen *komplikasi karo penyakit liyane* nduweni wujud Kat.

Anane kosok balen iki minangka pangiket korelatif kang ngantebake yen *proses diagnosis penyakit tambah mbingungi* yen *penyakite kuwi ora mung siji*.

4.1.4 Tembung Pangiket Temporal (Titi Mangsa)

Tembung pangiket *temporal* (titi mangsa) digunakake kanggo nyambungake sesambungan kang nduweni gegayutan karo wektu. Tuladhane: sadurunge, sawise, banjur, wiwit...nganti, awale...saiki, terus, nalika.

1) Pangiket Banjur Sajrone Rubrik Kasarasan

Kanker dumadi saka owahing sel kang banjur ucul saka jalur normal.
(52//Des//KANKER//II)

FAr	FKt
W	L
Kat	Kat
<i>VKeadaan</i>	

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *kanker dumadi saka owahing sel* minangka konstituen kang manggoni peran Kat kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *ucul saka jalur normal*. Konstituen *ucul saka jalur normal* nduweni wujud Kat.

Pangiket *banjur* minangka pangiket *temporal*. Sabanjure ukara kasebut ngandharake yen *saka owahing sel kanker banjur ucul saka jalur normal*. Katelune iku minangka perangan saka wacana sing nggunakake tembung banjur minangka urut-urutane wektu.

2) Pangiket Sadurunge Sajrone Rubrik Kasarasan

Aja ngombe banyu putih sadurunge mangan sega.

(PS 52//Des//KANKER//VII)

FKr	FKr
W	L
Per	Per
<i>VAksi</i>	

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FKr-FKr. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *aja ngombe banyu putih* kalebu kategori FKr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Per. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *aja ngombe banyu putih* minangka konstituen kang manggoni peran Per kang wujude awujud *verba aksi* yaiku awujud pakaryan utawa tumindhak. Guna L diisi dening

konstituen *mangan sega*. Konstituen *mangan sega* nduweni wujud Per.

Pangiket *sadurunge* minangka pangiket *temporal*. Ukara kasebut uga ngenani tembung pangiket *sadurunge*, ngandharake yen *ngombe banyu putih kuwi prayogane rampung memangan, dudu sadurunge mangan sega*.

3) Pangiket Sawise Sajrone Rubrik Kasarasan

Rasa ngelu sawise memangan panganan tinamtu.(44//Okt//KOLESTEROL//VII)

FAr	FKr
W	L
Kea	Per
<i>VKeadaan</i>	

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKr. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *rasa ngelu* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kea. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *rasa ngelu* minangka konstituen kang manggoni peran Kea kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *memangan panganan tinamtu..* Konstituen *memangan panganan tinamtu* nduweni wujud Per.

Pangiket *sawise* minangka pangiket *temporal* (titi mangsa) digunakake kanggo nyambungake sesambungan kang nduweni gegayutan karo wektu. Ukara kasebut ngandharake *anggepan salah ngenani titikan kadar kolesterol sawijining pawongan dhuwur kang sumebar ing masyarakat kaya otot gulu kaku utawa rasa ngelu sawise memangan panganan tinamtu.*

4) Pangiket Terus Sajrone Rubrik Kasarasan

Tapakliman (sauwit), ditambah tahu terus langsung ditim (digodhog).

(40//Okt//TAPAKLIMAN//VI)

FAr	FKr	FKt
J	W	L
Pas	Per	Kat
<i>VAksi</i>		

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKr-FKt. Guna J ditiduhake lumantar konstituen *tapakliman (sauwit)* amarga nuduhake paraga kang nandang kriya ing wasesane ukara. Konstituen *tapakliman (sauwit)* kalebu kategori FAr amarga mujudake paraga kang nandang kriya ing wasesane ukara. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Pel amarga peran kang disandang ing ukara kasebut nerangake anane maujud urip kang kena ing kahanan kang digambarake ana ing tembung kriya. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *kerek ngalami gangguwan turu* kalebu kategori FKr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Per. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *kerek ngalami gangguwan turu* minangka konstituen kang manggoni peran Per kang wujude awujud *verba Aksi* yaiku awujud pakaryan. Guna K diisi dening konstituen *ngancik umur kang padha*. Konstituen *ngancik umur kang padha* nduweni wujud FKt sarta

nerangake anane maujud urip kang kena ing kahanan kang digambarake ana ing tembung kriya. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *ditambah tahu* kalebu kategori FKr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Per. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *ditambah tahu* minangka konstituen kang manggoni peran Per kang wujude awujud *verba Aksi* yaiku awujud pakaryan. Guna K diisi dening konstituen *langsung ditim (digodhog)*. Konstituen *langsung ditim (digodhog)* nduweni wujud FKt sarta nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan. Konstituen *langsung ditim (digodhog)* kalebu kategori FKt.

Pangiket *terus* minangka pangiket *temporal*. Ukara kasebut ngandharake minangka *urut-urutane cara ngolah tapakliman kanggo nambani wong kang nandhang lara*.

5) Pangiket Nalika Sajrone Rubrik Kasarasan

Bocah kerek ngalami gangguwan turu nalika ngancik umur kang padha.

(46//Nop//PENCERNAAN//II)

TAr	FKr	FKt
J	W	L
Pel	Per	Kat
<i>VAksi</i>		

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori TAr-FKr-FKt. Guna J ditiduhake lumantar konstituen *bocah* amarga nuduhake paraga kang nandang kriya ing wasesane ukara. Konstituen *bocah* kalebu kategori TAr amarga mujudake paraga kang nandang kriya ing wasesane ukara. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Pel amarga peran kang disandang ing ukara kasebut nerangake anane maujud urip kang kena ing kahanan kang digambarake ana ing tembung kriya. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *kerek ngalami gangguwan turu* kalebu kategori FKr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Per. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *kerek ngalami gangguwan turu* minangka konstituen kang manggoni peran Per kang wujude awujud *verba Aksi* yaiku awujud pakaryan. Guna K diisi dening konstituen *ngancik umur kang padha*. Konstituen *ngancik umur kang padha* nduweni wujud FKt sarta

nuduhake Kat amarga ngandharake ngenani katrangan.

Pangiket *nalika* minangka pangiket *temporal*. Ukara kasebut ngandharake ngenani wektu *nalika kolik uga nyebabake bocah kerep ngalami gangguwan turu*.

Warna ungu ing ilat nalika dhuwet didhahar. (49//Des//DHUWET//IV)

FAr	FKr
W	L
Kea	Per

VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKr. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *warna ungu ing ilat* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kea. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *warna ungu ing ilat* minangka konstituen kang manggoni peran Kea kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *dhuwet didhahar*. Konstituen *dhuwet didhahar* nduweni wujud Per.

Tembung pangiket *nalika* nggabungake gatra aran nalika gatra kriya kayata *nangis kang mbangeti* minangka gatra aran banjur *tangi turu* minangka gatra kriya, *warna ungu* minangka gatra aran banjur *dhuwet didhahar* minangka gatra kriya.

6) Pangiket Wiwit...Nganti Sajrone Rubrik Kasarasan

Gangguwan iki bisa dumadi wiwit anak lair nganti umur 3-4 sasi.

(46//Nop//PENCERNAAN//IV)

FAr	FKt
W	L
Kea	Kat

VKeadaan

Adhedhasar kategorine, ukara kasebut kawangun saka kategori FAr-FKt. Guna W amarga konstituen kasebut minangka punjere ukara. Konstituen *gangguwan iki bisa dumadi* kalebu kategori FAr. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Kea. Dhata kasebut nuduhake panganggone konstituen *gangguwan iki bisa dumadi* minangka konstituen kang manggoni peran Kea kang wujude awujud *verba keadaan* yaiku awujud kahanan. Guna L diisi dening konstituen *anak lair nganti umur 3-4 sasi*.

Konstituen *anak lair nganti umur 3-4 sasi* nduweni wujud Kat.

Pangiket iku minangka pangiket kang awujud *wiwit...nganti* yaiku tembung pangiket kang mratelakake ngenani urut-urutane kahanan nganti pungkasan. Tembung pangiket *wiwit...nganti* ngandharake ngenani *urut-urutane wektu lan umur nalika bayi kena gangguwan kolik* yaiku *bayi tansah nangis kang kaluwih-luwih*.

PANUTUP

Dudutan

Kohesi minangka piranti kanggo mujudake sawijine wacana sing wutuh kanthi nggunakake piranti sing katon lan ana ing wacana utawa teks kasebut. Sawijine wacana sing apik yaiku minangka rentetane ukara sing sambung sinambung antara ukara siji karo ukara liyane. Kanggo mujudake *keserasian* lan *keterkaitan* antarunsur basa supaya pesan kang ana ing njerone bisa dipahami dening pamaca, dibutuhake *konjungsi*. *Konjungsi* (tembung pangiket) yaiku bentuk utawa perangan basa sing nduweni fungsi minangka pangiket watarane tembung karo tembung, ukara karo ukara, lan pangiket antarane paragrap. Panganggone *konjungsi* sajrone rubrik kasarasan nduweni sesambungan karo proses pengembangan gagasan sajrone kegiatan ngarang, mliline sajrone ngandharake ukara.

Adhedhasar jinise tembung pangiket iku bisa arupa pangiket sajrone ukara, pangiket antarane ukara lan pangiket antarane paragrap. Nanging adhedhasar sesambungan sing bisa ditengeri dening pangiket, pangiket utawa konjungsi bisa awujud sesambungan aditif, sesambungan kausal, sesambungan kontrastif, lan sesambungan temporal. Tembung pangiket *aditif* yaiku tembung pangiket kang nggabungake tembung utawa klausa kang nduweni kalungguhan padha. Tuladhane: lan, sarta, kaliyan, utawa, uga, ora mung..uga. Tembung pangiket *kausal* (sesambungan) yaiku tembung pangiket kang digunakake kanggo nyambungake sawijing sesambungan kang asipat sebab akibat. Tuladhane: amarga, jalaran, kajaba, dadi, saengga, jalaran, merga, sebab, kanthi, awit, supaya, sanajan, yen, mula, nyatane, makane, kanthi, tanpa, kaya, akibate. Tembung pangiket kontrastif digunakake kanggo nggandheng rong klausa kang ngandharake sawijing kahanan kang kontras. Tuladhane: nanging, mangka, kamangka, dene, ora mung...nanging, senajan. Tembung pangiket *temporal* (titi mangsa) digunakake kanggo nyambungake sesambungan kang nduweni gegayutan karo wektu. Tuladhane:

sadurunge, sakderengipun, sawise, banjur, wiwit...nganti, awale...saiki, terus, nalika.

Pamrayoga

Panliten ngenani kohesi konjungtif sajrone rubrik Kasarasan iki ngandharake ngenani wujude lan panganggone kohesi konjungtif sing ana ing Kasarasan. Sajrone panliten iki diandharake anane kohesi konjungtif sing bisa tinemu ing rubrik Kasarasan. Panliten iki diajab bisa nambahi kawruh ngenani ilmu basa mligine kohesi konjungtif.

Anane panliten iki isih adoh saka sampurna, panliten sing padha uga bisa ditindakake kanthi nggunakake objek wacana lisan. Kajaba iku panliten ngenani kohesi konjungtif iki uga bisa ditliti luwih rowa maneh kanthi nggunakake teori kang mutakhir lan uga bisa diimbuhi anane panganggone saka kohesi konjungtif sing ana sajrone wacana.

KAPUSTAKAN

Alwi, Hasan, lkk. 2003. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Penerbit Rineka Cipta.

_____. 2007. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Penerbit Rineka Cipta.

_____. 2010. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Penerbit Rineka Cipta.

Brown, Gillian lan George Yule. 1996. *Analisis Wacana: Discourse Analysis* (kajarwakake dening I. Sooetikno). Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Darma, Yoce Aliah. 2009. *Analisis Wacana Kritis*. Bandung: YRama Widya.

Djajasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik: Ancangan Metode Penelitian Dan Kajian*. Bandung: Eresco.

Djajasudarma, Fatimah. 2010. *Wacana: Pemahaman dan Hubungan Antarunsur*. Bandung: Refika Aditama.

Endrawati, Ratna Yuli. 2011. *Kohesi lan Koherensi Rubrik Apa Tumon ing Kalawarti Panjebar Semangat Edhisi Agustus nganti September 2011*. Skripsi FBS-Unesa ora diterbitake.

Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: Raja Drafindo Persada.

Moleong, J. Lexy J. 2008/2002. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosda Karya.

Mulyana. 2005. *Kajian Wacana: Teori, Metode dan Aplikasi Prinsip-prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.

Purwonugroho, Listyan. 2014. *Kohesi lan Koherensi ing Rubrik Pangudarasa Kalawarti Panjebar Semangat Edhisi Oktober-Desember 2013*. Skripsi FBS-Unesa ora diterbitake.

Rani, lkk. 2006. *Analisis Wacana: Sebuah Kajian Bahasa dalam Pemakaian*. Malang: Baymedia

Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press

Sugiyono. 2010. *Memahami Penelitian Kualitatif*. Bandung: Alfabeta.

Tim, 2014. *Buku Panduan Skripsi: Fakultas Bahasa dan Seni*. Surabaya: FBS Unesa

Wedhawati, lkk (ed). 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional

